Wondene "setyagraha" mau tegese kekuwatan batin kang kanggo dhasar nanggulang sakabehe penggawe sawenang-wenang dening sang Mahatma.

Sanajan Mahatma Gandhi iku sawijining manungsa kang luwar biasa, gedhe tekad lan luhur budine, nanging wis mesthi bae dheke mau ora bisa merangi ing sanalika tumrap penggawe sawenang-wenang kang sumebar ing jagad iki. Senajan Gandhi oleh sesebutan Mahatma, kang tegese jiwa luhur, (maha-atma = jiwa gedhe utawa luhur), nanging hiya ora bisa nyirnakake dak sawenang ing sanalika.

Wong-wong kang sesrawungane cedhak karo dheke, iku kang luwih dhisik dipengaruhi nganti padha nduweni semangat kang gedhe, kang njur giyat tumandang arep nyirnakake tindak kang ora patut salumahing bumi iki kabeh.

Amarga Gandhi mau mikiri banget marang kahanane negara lan bangsane, mula ora leren-leren olehe nyambut gawe kanggo kaperluan umum.

Saprene wis ana telung puluh taunan Gandhi, olehe wiwit bergerak kanggo karahaijane nusa lan bangsane. Dene kang dadi mula bukane, nalika dheke ana ing Afrika Kidul, yaiku nalika nyambut gawe dadi advokaat, wis meruhi lan melu ngrasakake kepriye penganggepe bangsa kulit putih sing nyekel wewenange tanah mau marang bangsane Gandhi ing kono.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Dening bangsa kulit puüh kang ana ing kono, Gandhi lan bangsane diina, disawenang-wenang lan ora diwelasi babar pisan.

Ing wet lan pranatan negara kacetha sepira gedhening kabencian lan sepira olehe ngasorake bangsa sing akulit ireng. Ora mung benci lan ngesorake bae, malah saka pengaruhe kaum kapitalis, pamarentah ing kono mau uga nganakake aturan kang njalari bangsa akulit ireng mau dadi isep-isepane kaum kapitalis mau.

Tuladhane: Supaya tansah bisa meksa wong-wong India terus nyambut gawe ing pelikan areng watu ing Afrika Kidul, kaya ta ing Natal, yaiku kang panyambut gawene kaiket dening kontrak, dianakake pajeg sirah. Siji-sijine wong mesthi mbayar pajeg telung pondsterling (kira-kira f 36) ing dalem setaune. Kedadeane, murih bisa mbayar pajeg mau, kuli-kuli India kapeksa njaluk voorschot maneh. Kang mengkono mau hiya mawa peijanjian kudu gelem nyambung kontrake.

Gandhi nglawan anane pajeg kaya mengkono mau, awit aturan mau bisa meksa wong-wong supaya salawase tansah tetep ilang kamardikane, merga kaiket dadi batur.

Trajange Gandhi wuwuh tambah kuwat lan kaya dikileni, marga pamarintah nyidra marang wakile India, yaiku sang minulya Gokhale.

Maune Gokhale nyatakake kahanan ing Afrika Kidul, sarta pamarentah ing kono nyanggupi, yen pajeg sirah kang banget nindhes panguripane bangsa India iku bakal dieabut, nanging saulihe Gokhale saka kono, kesanggupan mau ora ditetepi.

Tumrap Gandhi lelakon kang kaya mengkono mau dudu sawijining penghinaan marang Gokhale dhewe, nanging penghinaan marang Ibu Pertiwine yàiku Tanah India, awit tekane Gokhale mau dudu saka karepe dhewe, nanging dadi wakile Rakyat India.

Kocapa wong-wong kang nyambut gawe ing pamelikan mau, sanajan kabeh padha ora ngerti "pa pincang", nanging wis mbuktekake marang jagad, yen dheke lan bojo-bojone mau padha nduweni semangat sarta nduweni tekad kurban.

Trajange kuli-kuli lan bojone mau yen ditandhing karo kang wis kita tindakake saiki, nyata ngisin-isini banget, ngibarate: ulap ndeleng sorote srengenge. Sanajan ta yen ditan-

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

dhing karo trajange kaum intellectueelen kita kaetung dalah priya-yi-priyayine pisan, durung ngamput-amputi temenan.

Apa kang wis ditindakake dening kuli bangsa India lanang-wadon mau agawe cingake wong sajagad. Balik trajang kita kang wis klakon iku, kena ingupamakake: kakehan gludhug kurang udan.

Ing Afrika Kidul mau wis kedadeyan kepriye?

Gandhi ngelingake marang para kuli-kuli supaya aja padha mogok, merga bakal bisa klebu ing pakunjaran, sarta diterang-terangake kepriye sengsarane wong diukum, luwih-luwih yen sing nandhang mau kaum putri.

Gandhi wola-wali ngelingake, supaya mung wong-wong sing wani, setya lan insyaf wae kang melu bergerak. Nanging sanajan mangkonoa, wong-wong wadon bojone kuli-kuli lan kulawargane kang isih enom-enom malah padha wani nempuh mlebu buwi klawan seneng sarta lega-lilaning atine.

Sedulur-sedulurku, titenana lelakon ing dhuwur mau wis kelakon telung puluh taunan lawase, tur ing kalangane kuli-kuli wadon.

Sajrone pemut lelakone dhewe (auto biographie), Gandhi nyatheti tekade wong wadon kang isih enom banget, umure lagi limalas taunan. Cathetan mau nuduhake sepira gedhening tresnane bocah wadon mau marang Jeng Ibu Indiane. Enggone ngabekti mau klawan mbuktekake kekendelan, pasrah lan wani nanggung wasanane lelakon. Mengkene critane:

Gandhi takon, "Villiamma, apa kowe getun, dene nganti klebu buwi?"

Jalarane Gandhi takon kaya mangkono mau, merga nyipati dhewe yen bocah wadon mau ana ing buwi nandhang sangsara banget. Ing nalika iku bocahe nandhang lara, nganti awake lungkrah tanpa daya babar pisan, tur wis kari lung-lit.

Jajal para sedulur badhenen, kepriye wangsulane Villiamma mau?

"Getun????" mengkono jawabe, "Aku sawektu-wektu uga samapta, tansah sedhia kanggo mlebu menyang buwen maneh, yen aku kongsi ketangkep."

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Gandhi tenis takon maneh, "Nanging saupama kang mangkono mau njalari tohing patimu, kepriye?"

Villiamma mangsuli, "Iku ora ngapaa. Sapa sing ora gelem mati kanggo Ibu Pertiwi kita?"

* * *

Kaya mengkono tekade kaum putri bangsa India mau.

Saiki aku takon, "Apa sebabe dene putra lan putrine Ibu Pertiwi kita isih padha kaya mengkene kahanane?"

VI

ANCAS LORO

Menjero : tata samekta ing jurit
Metu : ngelar jajahan

Wis tamtu ora bakal ana kang samar maneh, yen maksud kita iki supaya tanah wutah getih kita ana paprentahan kang kwajibane luwih dhisik ngayomi wong-wong bumi asli, amrih padha seneng, raharja, padha bagas kewarasan lan kang nggatekake bab pengajaran lan panggulawenthahe Rakyat. Maksud kang mulya mau ora bakal kaleksanan klawan gampang lan sanalika.

Ing jaman kadewan, yaiku ing jamane sarupaning kedadean sanalika bisa maujud klawan cinipta, jaman mau wis kepungkur.

Jaman saiki sarupaning panjangka kudu klawan ihtiar. Malah ikhtiar mau kudu digedhekake klawan tumandang, kudu wani nyambut gawe. Luwih-luwih maneh, yen kang dikerepake mau kaya karep kita kang kasebut ing dhuwur mau.

Luwih dhisik kita kudu nduwe pengiring senapati pepak saprajurite kang tanpa wilangan cacahe, kang padha wani samekta ngrebut maksud kita mau.

Apa bisa kaleksanan kita nduwe bala pengiring mayuta-yuta kehe?

Bisa! Angger kita bisa nggugah sawarnaning golongan wong pribumi kabeh, nganti padha ngerti lan weruh marang kwajibane kang luhur lan kang ora kena diselaki. Dene kwajiban mau dhapur

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

prentah marang sekabehe wong Indonesia, lananga, putria kudu melu tumandang gawe nggayuh maksud kita. Ora ketung lara lapa, ora sayang ngrogoh kanthong, lan perlu kudu ora eman aweh kurban kang luwih gedhe.

Sapa wae kudu rumangsa nduwe kwajiban. Trahing kusuma utawa wong cilik, kang mumpuni ing sastra utawa kang bodho, tuwaa enoma, kabeh mau rumangsa lan yakin pisan klawan cetha tetela, yen melu tumandang nggayuh maksud kita mau sawijining kewajiban tumrap siji-sijining wong bumi.

Kewajiban kang kudu ditindakake, dilakoni klawan berag, klawan senenge ati, klawan antep lan mempeng, supaya kita bisa nemtokake yen maksud kita temtu bakal ginayuh. Sabab saka iku kita saiki kudu ngarang pagedhongan bab kang bakal kita tindakake. Pagedhongan mau kudu dimupakati dening wong akeh, sarta njur diturut kanthi temen-temen.

Pagedhongan mau kudu aweh dalan marang sadhengah wong, bisane mbangun Negara lan Bangsa, nanging kang klawan bisa nyembadani pisan.

Wong-wong kang wis uwanen lan kang wis tuwa banget, kang badane wis ora kuwat sarta wis ora kena dipurih bausukune, kang uripe mung kari nentremake atine wae, wong kang kaya mengkono mau iya kena diwajibi pegawean kang nocogi, lan uga kudu nindakake klawan temen-temen, aja kok banjur ngrendheti majune barisan kita utawa nggodha panjangkah kita.

Wong-wong tuwa mau wis tuwuk ngrasakake asine uyah, tegese wis ngalami penandhang rupa-rupa. Dheweke wis meruhi lelakon rupa-rupa kang kena diwulangake marang para nom-noman, supaya pupur dhisik sadurunge benjut.

Dene para nom-noman mau sarehne wis kabuka nalare, mesthine njur welas, tresna lan mituhu marang pituture kaum tuwa mau. Lamun tuwa lan mudha wis nyambut gawe bebarengan, temtu pakolehe gedhe banget sarta mung kebecikan thok wae kang bakal kita temu ing tembe buri.

Bab kang kaya mengkono iku wis kabukti ing Rusland.

Ing kana angger kumpulane bocah-bocah, nduwe juru nasehat dhewe-dhewe, yaiku wong tuwa, lananga utawa wadona kang akeh

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

pangertiane. Mula saka iku, aku nduwe panemu saupama ing Indonesia kene kaum nom-noman bisa sayuk karo para kaum tuwa, kiraku bakal becik kedadeane.

Kita isih durung bisa ngarep-arep anane pemimpin saka Rakyat kang bakal bisa ngentas kasangsarane bangsa lan nusa, marga isih padha kepaten obor sarta isih butuh dituntun sarta ditulung dhewe. Nanging sanajan mangkonoa, yen Rakyat wis insyaf sarta panguripane rada kuwat, mesthi gelem nyambut gawe kanggo kaperluane bangsa lan nusane.

Wong bodho, keset tur sembrana kang wedi, jirih, lumuh marang samubarang pegawean. Wong kang kaya mangkono mau kena didandani nganti dadi mangerti, gembira sarta sregep ing gawe.

Dheke mau njur ngerti marang kwajibane ngaurip, mula njur wani tumandang golek rekadaya kang ndandani kahanane kang luwih becik. Klawan ikhtiar kang kaya mangkono mau, kita bakal nduwe golongan kang metu tekade dhewe. Kita nduwe rakyat kang ngerti marang kekuwatan dayane gerak kita.

Dene bangsa kita kang dadi ambtenar BB utama kang nyambut gawe ing dienst Goepermen liyane, priyayi-priyayi mau nduwe kewajiban dhewe. Sarehne wong dadi priyayi mau pangkate mung gumantung saka tumemene lan saka gedhening jasa sajroning kapriyayen, lamun melua ing gerak kapolitikan, mesthi iya bakal ora kasembadan. Nanging sanajan mangkonoa, priyayi-priyayi mau iya bisa migunani uga tumrape pergerakan nasional kita, sabab lapangan kita nyambut gawe iki jembar banget lan isih akeh panggonan kang bera durung kabubak, merga isih nunggu kang nggarap.

Priyayi-priyayi mau bisa nggarap pagawean ing lapangan mau klawan ora mitunani tumrap pangkate, tur kang mengkono mau dheweke oleh nama, lan cepak munggah pangkate.

Wondene pegaweane mau kayata klawan temen-temen ngajokake sekolahan-sekolahan, nganakake omah kanggo pakir-miskin, kanggo bocah loia, pondhokan kanggo wong golek pangupajiwa utawa nyedhiyani pegawean kanggo wong-wong kang nganggur lan liya-liyane pegawean sosial kang migunani kanggo wong akeh. Ing babagan mau, priyayi-priyayi iku bisa tumindak nyam-

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

but gawe klawan tumemen sarta mligi, perlu tumrap praja lan uga tumrap Rakyat. Dadi sarana laku kang kaya mengkono mau para priyayi mau uga bisa ngladeni butuhe wong bumi.

Apa kang kudu ditindakake dening golongan bangsa kita liyane iku isih akeh banget. Saiki wis cukup disumurupi, yen kita kudu nyambut gawe metu mencar sumebar adoh lan warata; apadene nyambut gawe ancas menjero, pamrihe supaya Rakyat kita bisaa ngerti sarta padha kedunungan cipta lan angen-angen kita.

Semono uga golongan intellectueelen kang manut drajade, wis samesthine sarta wis pantes banget lamun padha dadi pemimpin utawa penuntun, kang sabanjure kabeh mau bisaa nindakake pegawean kang anderpati. Yen mengkono, barisan kaum krama kang samekta sedya nggayuh maksud kita yen wis tumindak maju, ora bakal kena ditulak maneh.

VII

ANCAS LORO
(candhake)

Menjero : tata-tata samekta ing ngajurit
Metu : ngelar jajahan

Maksude orehan kang dhisik, yaiku:

1. Nenangi atine wong akeh, Rakyat supaya melu ing obah-obahan.
2. Nenangi para saijana, intellectueelen, para luhur lan para priyayi, supaya padha mikir marang nasipe Rakyat kang akeh-akeh padha memelas kahanane, sabab sarwa kurang hak lan darbeke.

Kang dikarepake nyambut gawe ngelar menjero iku, yaiku ora liya supaya saben wong padha gelem ngetokake kendel ing gawe. Nanging kang mengkono mau ora dipesthekake nggarap samubarang pegawean. Iku dudu kang dikarepake!

Kang kinarepake mau, supaya para bangsa kita gedhe-cilik sagolong-golongane bisaa nyambut gawe manut dhasar lan watake, miturut kekuwatan lan kapinterane, angger kang nyambut gawe mau padha nyawiji lan padha ciptane. Ing sawayah-wayah kudu

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

wani kurban kanggo ngluhurake kabangsane sakatoge lan mbeciki pisan ing sakuwat-kuwate.

Kwajibane intellectueelen, sabab saka jembare kapinterane sarta dohing wawasane, kaya-kaya wis tinakdir, kudu njegur ing kalangan kapolitikan. Jer paperangan politik iku wekasane sedya supaya ing tembe ana peraturan kang luwih endah lan kang luwih apik kang aweh kasenengan luwih akeh tinimbang kahanan kang saiki-iki.

Sajrone parlement utawa ing sajabane, pegawean kang ditindakake utawa prekara kang dirembug, mung kang amurih becike kahanan ing tembe mburi.

Wajibe kaum pertengahan, yaiku wong kang nduwe panggaotan dedagangan, aja ko-kira yen uripe kepenak, nanging saya suwe malah saya rekasa, pikire mumet, sabab saka kehing oncoroncoran, regane barang dagangan ora panggah, owah-owahane kerep, tur terkadang sok ngegetake.

Mula kaum mau uga kudu nduwe tatanan kang kuwat sarta kudu nduwe kumpulan dhewe kang ngrembug butuhe sarta kaperluane.

Golongan Rakyat, kaum buruh iku satemene kang gedhe jasane kanggo mbangun jagad, tegese kang nganakake sakehing pagawean, awit sarupaning pagawean ora bakal lumaku yen tanpa kaum buruh. Nanging racake nasipe kaum buruh mau ala banget, prasasat ora diwongake dening kaum majikane. Mula saka iku, kaum buruh mau kudu ngrekadaya amrih pagaweane mau diajenana sarta aja nganti disawenang-wenang. Rekane ora liya kudu mbangun kumpulan kaum buruh kang becik pematane sarta dipimpin dening wong kang ahli.

Sarana laku kang kaya mangkono mau, bangsa kita kang kaum luhur utawa asor, kang pinter utawa kang bodho njur bisa nyambut gawe ing babagane dhewe-dhewe, nanging nunggal tujuan, yaiku amrih rahaijaning bangsa lan nusa kita.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

VIII

BARIS PENDHEM

Obor kanggo madhangi dalan kang kalingan mega lan mendhung kang ndhedhet angendhanu.

Nagara kang wis kasrambahan kemajuan iku ana titikane, yaiku penduduke wong bumi meh kabeh kedunungan cipta kang urip sarta nduwe sedya kang mulya, luhur sarta rahayu kang tanpa kendhat. Uripe tansah ngrekadaya, bisane nggayuh lan ngrebut hak-hak kang wis samesthine duweke dhewe, yaiku hak kamanungsan kang wis diganjarake dening Gusti Kang Mahakwasa sarta hak kang wis diparingake tumrap Jeng Ibu Pertiwi kita.

Rakyate negara kang wis maju mau lumuh banget marang panggawe kang sasar utawa kang ngrerusak marang bangsa lan tanah wutah getihe. Yen ana kahanan kang kaya mangkono, njur trengginas cancut tumandang nyaponi lan nanggulangi nganti bersih lan ilang babar pisan. Kosok baline kahanan kang adii, kang sued lan luhur tansah dipundhi-pundhi sarta karem marang kabeneran lan kamardikan.

Ya, ing jagad kamajuan kang kaya mangkono mau bisa tuwuh rasa panggawe kang mbuktekake tresna bangsa lan bekti marang tanah wutah getih. Tuwuhe bisa seger lan sampurna. Ibarate tanduran bisa ngrembuyung, ijo riyo-riyo, ngetokake woh kang edi peni sarta amrik angambar-ambar gandane apa dene enak lan nikmat rasane.

Negara Walanda wis aweh tuladha.

Rakyat ing nagara Walanda iku misuwur seneng marang kaadilan lan kamardikan. Bangsa Walanda mau wis tau perang, lawase nganti wolung puluh taun. Apa wae kang ora dikurbanake, rajabrana, kasenengan, pakareman, malah nyawane pisan ditombokake, waton bisa oleh kamardikan.

Nalika bangsa Prancis kalah perang karo bangsa Jerman, dipesthekake mbayar kerugian kang ora ilok kehe sarta aboting sang-

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

gane, nganti negara mau klorop ing jurang, klungsur drajade. Nanging para bangsa Prancis kang wis misuwur alus budine, para putrine kabeh padha rila ikhlas kanthi senenge ati, adreng padha ngurbanake raja branane. Kabeh penganggone kang pengaji sarta rerenggane kang saka emas lan selaka kalung-kalung, peniti, gelang, giwang lan sapanunggalane, kabeh dipasrahake marang negara, supaya kanggo mbayar utange marang negara Jerman mau.

Semono tekade para putri ing negara Prancis mau.

Dheke diplaur menganggo saanane sarta tanpa rerenggan, awit saka pamikire aluwung dheke urip sangsara tinimbang njur kelangan kamardikan, awit kelangan kamardikan, dudu dheke wae sing bakal nemahi ora kepenak, ananging anak putune bakal nandhang kasangsaran terus-terusan.

Tuiadhane maneh negara Jepang, nalikane perangan karo Rusland, kang kéna kaparibasakake kepik mungsuh beruwang.

Tekad kang wani angedap-edapi nanggulangi mungsuh kang santosa sarta kang pawakane tikel tinimbang saradhadhu Jepang, iku ora bakal klakon, yen bangsa Jepang kang sanajan cilik-cilik mau ora nduweni tresna marang tanah aire sarta katresnane mau ora mung kandheg ing lambe wae.

Wong pribumi padha ngurbanake raja brana barang darbeke, amtenar-amtenar padha ndermakake 10% saka gajihe kanthi lega lila nganti pirang-pirang taun lawase, kanggo nutup utange nagara, merga ongkos perangan mau akeh banget enteke.

Tresnane bangsa Jepang marang negarane dadi kidungan.

Aku isih kelingan maca kabaran kepriye mentalaning sawijining ibu kang mateni anake kang ana ing gendhongane, merga bojone nalikane budhal perang, mandheg mangu noleh si anak. Sing wadon mau banjur muni mangkene, "Wruhananmu wong lanang, kowe kudu luwih abot marang negaramu!"

* * *

Saiki kepriye kahanane ing tanah wutah getih kita Indonesia? Ora liya pedhut kang peteng ngemuli negarane, Rakyate urip ing sajroning guwa kepetengan. Mulane sipat-sipat kang mulya luhur lan suci kaya kasebut ing dhuwur mau sarta kang didarbeni dening

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

bangsa Jepang, Prancis sarta Walanda mau kasilep.

Nanging sanajana mangkono, apa bangsa kita bakal bisa nggayuh ing jaman kemajuan kaya bangsa-bangsa liyane mau?

Bisa! Mesthi bisa! Anggere ana kang menehi penerangan.

Ing abad kaping 19 ing negara Walanda lan uga ing negara liyane, Rakyat umume ana ing sajrone alam pepeteng. Mulane hiya gampang bae disawenang-wenang dening golongan liyane kang luwih santosa lan kang ambeg angkara-murka. Ing nagara Walanda mau njur ana pemudha-pemudha sawatara kehe, nanging kang duwe kawruh cukup, kaya ta Tuwan: *Pekelharing, Goeman Borgesius, Kats* lan liya-liyane. Wong-wong mau padha ikhlas masrahake awake kanggo kaperluan umum. Sedyane aweh sesuluh marang Rakyat, supaya rakyat bisaa maju.

Korban kang mulya lan suci mau ngobahake atine kaum terpelajar liyane, kang banjur melu ngrekadaya mbeciki nasipe bangsa lan ngluhurake drajade tanah wutah getihe.

Dene wong-wong sing nusul ngurbanake awake kanggo kaperluan umum mau dhasare kabisane beda-beda, kaya ta: pendhita-pendhita, wis mesthi wae osike atine metu saka piwulang agamane; kaum terpelajar kang wis nduwe titel mr, dr, ir, lan sapanunggalane ana sing mundhi ciptane kaum sosialis utawa kaum democraat. Nanging kang mengkono mau anggone njegur ing kalangan Rakyat klawan tumandang lan bergerak supaya bisa kaleksanan Rakyat urip kanthi slamet, raharja lan merdika. Kumpule sakabehing pagawean, sarupaning pangudi sarta sawarnane korban bisa murakabi bangsa lan negarane kabeh.

Mula ing kalangan kaum terpelajar kita ing saiki ana kang duwe kayakinan, yen Rakyat bakal tangi temenan, yen wis kena soroting srengenge pengajaran, oleh obor kang madhangi dalane menyang lapangan kemajuan, kang saikine isih peteng ndhedhet kalingan pedhut mega lan mendhung kang angendhanu.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

IX

DAYA KEBATINAN

Bangsa Assan kang nyeret kehe suda 25% mung saka nasehate Mahatma Gandhi

Ing jaman matérialisme iki, yaiku jamane wong mangeran marang kadonyan, akeh wong kang duwe panemu yen sarupaning rekadaya lan pagawean iku mung dianggep saka pangudi lair.

Ing tanah kita Indonesia kene, saiki-iki ora kurang-kurang wong kang uripe mung nengenake marang materialisme. Ora mung ing kalangan kaum priyayi utawa sudagar-sudagar wae, nanging kaum intellectueelen iya ora kurang-kurang.

Daya kebatinan iku sawijining pangwasa kang samar kang ngedap-edapi banget, ibarate bisa ngelih gunung, bisa ngesatake samodra, nguripake wong mati lan liya-liyane.

Mula ing saiki, perlu banget kita marsudi marang kekuwatan batin mau, kanggo nggugah perasaane bangsa kita kang uripe mung adhedhasar kadonyan, ora mikir babar pisan marang kaperluan umum.

Ing jaman kuna, wong-wong wis padha nengenake marang kekuwatan batin mau, malah nganti akeh kang nglirwakake kaperluan uripe dhewe.

Lumrahe kanggo jaman saiki kekuwatan batin iku mung ditanjakake kanggo kaperluan utawa kabutuhane dhewe, yaiku kanggo nuruti hardaning hawa nepsu lan mubale pangangsa-angsa. Akeh wae kang nglakoni pasa, nyegah pangan, tarak turu, pati geni lan sapanunggalane, perlune supaya enggala munggah pangkate, kinasihan ing dhedhuwurane, bisaa cukup sandhang-pangane, bisaa keturutan sedya niyate lan sapanunggalane.

Kang mikiri arep nanjakake daya kebatinan mau kanggo kaperluan umum, supaya bangsa lan tanah wutah getih kita iki dadya luhur lan mulya, ing saiki-iki prasasat ora ana babar pisan.

Ing tanah India, kang sesrawungane wong pribumine karo

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

bangsa kulonan isih durung kraket temenan kaya ing tanah kita kene, ing kana uripe wong pribumine isih kene diarani mumi, lairbatin isih wutuh. Mula nganti saiki ing kana iku akeh paguron. Dene sing dadi murid-muride, ora kurang-kurang saka golongan wong-wong kang sugih lan terpelajar. Murid-murid lan cantrik-cantrik ing paguron mau padha seleh kesenengan donya, pasrah Iah marang gurune supaya aweh pituduh bisane padha nduwe piyandel lan mekaring kekuwataning batine, amrih bisaa mepeti sakehing hawa angkara-murka sarta bisa urip kang suci lan tentrem.

Miturut kahanan tata-lair, uripe para cantrik lan murid mau kaya-kaya ora mikir babar pisan marang kahanan donya, nanging dheke mau kedayan dening semangat kebangsan.

Kabutuhane wong-wong mau ibarate mung sega sapuluk lan sandhang sasuwek. Yen wis nuli padha lunga bebarengan wong akeh ninggal pertapane, aweh sesuluh marang bangsane ing desa-desa kang uripe padha mlarat lan sangsara, apa dene nandhang tindak sawenang-wenang.

Ora mung wong-wong tuwa wae kang diwenehi sesuluh, nanging bocah-bocah iya didhidhik uga.

Wong-wong kang nyambut gawe rekasa, padha ditulungi lan padha diwenehi sesuluh supaya bisaa gawe pakumpulan, sarta direkadayakake supaya wong-wong mau bisaa urip kang murwat karo rekasane pegaweane bisaa oleh panggonan kang pantes.

Kajaba saka mengkono, wong-wong kang didhidhik mau, luwih-luwih dipersudi ing kawruh kebatinan, supaya insaf marang dhirine pribadi, supaya padha nduweni kaprawiran sarta padha kadunungan tekad lan budi kang luhur tuwin mulya kang bisa njunjung marang drajade manungsa ing ngalam donya iki kabeh.

Sarana pracaya marang dhirine pribadi, apa kang kaesthi klawan dhedhasar kebatinan, samubarang kang kagantha, samubarang kang kaesthi kang kasedya, mesthi bisa maujud sarta kagayuh ing sajrone wektu kang kena kinira-kira sarta pikolehe angeram-eramake banget.

Miturut ujare Tuwan *C.P. Andrews* yaiku sawijining wong kang karem marang kabeneran, wong-wong Assan kang maune padha karem nyeret, njur suda kehe 25%, mung merga saka nase-

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

hate Gandhi. Dadi ora kanthi roda-peksa utawa nganggo wadya-bala lan gegaman, nanging mung nganggo pitutur wae.

Wong-wong sing nyakot marang tike padha mareni marang pakareman mau sarta sabanjure ora ketagihan maneh.

Ing wasanane kaum terpelajar kang nyenyantrik mau njur padha nerusake rekadaya mbudi supaya bisa numpes kehe wong kang padha nyeret; kasile hiya becik.

Para pendhita lan resi ing tanah India saiki padha sayuk gumolong dadi siji, mujudake kekuwatan batin kang gedhe banget dayane.

Dayane kebatinan mau gedhe banget, awit ora mung bakal bisa mardikakake tanah lan bangsa India wae, nanging uga bisa ngrukunake tanah kulon lan wetan, yaiku Inggris lan India.

Manawa putra lan putri Indonesia padha meruhi marang kewajibane tumrap marang bangsa lan nusa kita, mesthi ora mung nggayuh kamardikan lan kasampurnaning tanah lan Rakyat, nanging kita uga bakal melu ngreka daya kang makolehi tumrape mbangun jagad iki.

X

TEKADE BANGSA WALANDA

Durung uwis-uwis, yen durung kaleksanan
Rawe-rawe rantas malang-malang putung

Apa ta kang dadi sababe dene bangsa Walanda nganti mrene iki?

Apa arep gawe mulyane tanah kita, arep ngrejakake lan mentremake?

Apa ta arep ngangkat drajad kita, arep ngalusake bebuden lan kasusilan kita, yaiku sarana mencarake agama, kawruh, kasusastran lan sapanunggalane?

Apa ta tekane mrene iki arep mranata negara kita supaya bisa tata lan tentrem, merga ing nalika iku ing tanah kita kene tansah ana reribet?

Apa ta pancen niyatingsun ngrebut tanah pusaka kita iki arep

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

digawe reh-rehane?

Pitakon-pitakon mau manut ujare babad karangane bangsa Walanda dhewe, wangsulane, "Ora!" dadi wiwitane bangsa Walanda mrene mau sepi saka kekarepan mau. Nanging para ahli babad Walanda mau padha ngakoni, yen mula bukane bangsa Walanda mrene iki, perlune mung supaya bisaa kulakan mrica, pala lan sapanunggalane ing panggonan kang metokake pametu bumbu mau. Merga sajrone bangsa Walanda perangan ngrebut bali kamardikane tanah-aire, supaya uwal saka reh-rehane Spanyol, bangsa Walanda mau kepeksa kulak mrica pala ing panggonane dhewe, awit yen kulakan kaya adat yaiku menyang Portegis, tansah oleh alang-alangan saka mungsuhe, yaiku Spanyol mau.

Dadi mung sabab kepeksa, hiya kapeksa kang banget ika!

Nalika semono, bangsa Walanda lagi kumbul-kumbule, padha gedhe tekade, kendel sarta akeh akale apadene akeh rekadayane.

Tumrape kang lembek atine, yen kekarepane nemu pepalang utawa pakewuh, lumrahe banjur lumuh mbanjurake sedya kaniyatane, badane marlupa kaya dilolosi bayune, ing wekasane njur sumendhe ing takdir. Iya kang mengkono mau kang nj alari nemahi panandhang kang cilaka, rekasa lan sangsara sarta tanpa aji babar pisan. Tumrape bangsa Walanda ing wektu iku, pepalang mau malah dadi panggugah lan nyantosakake bebuden, nuwuhake wuwuhing luhur lan kandele tekade.

Amarga kang nindhes bangsa Walanda mau satru bebuyutan banget, tansah nyegah tekane prau Walanda kang kulakan menyang Spanyol utawa menyang Lisabon, yaiku kutha ing Portugis. Dadi saka alang-alangane bangsa Spanyol mau, bangsa Walanda njur kepeksa ngudidaya nekani tanah kang nganakake asil bumbu-bumbu mau. yaiku tanah Indonesia iki.

Bangsa Walanda anggone nggoleki negara kita mau klawan antep lan tetep atine, ora ngetung kangelan, rekasa lan sangsara malah hiya wani korban nyawa barang. Nyatane sadurunge bisa tekan kang dituju, bangsa Walanda wis mbuktekake nduweni sipat-sipat kang apik mau. Ping telu anggone nggoleki dalan mau ngliwati ener menyang Noordpool, perlune supaya bisaa tekan ing Indonesia tanpa digodha dening bangsa Spanyol.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Ing nalika iku wong-wong Walanda mau wis nduwe panemu yen jagad iki bunder, dadi menyang ngendi wae parane, yen lakune terus kenceng, akhire temtu bali ing panggonane kang sekawit. Nanging nyatane ora kaya mangkono, Noordpool iku ora kena disabrangi, merga wujud es kabeh sarta kebak salju.

Sanajan wis kacuwan lan kasangsaran semono gedhene, nanging tekade ora kandheg, malah saya suwe saya mempeng. Tekade, kang disedya mesthi kaleksanan. Ora preduli pira wae kehing patukon lan sepira gedhening korbane. Batine: rawe-rawe ran as, malang-malang putung.

Saking antepe ketekadane sarta ora gelem mupus, akhire kang dadi sedya niyate mau bisa kaleksanan, yaiku tanah Indonesia kita iki bisa katemu sarta rekadayane bangsa Walanda mau nemu gawe uga.

Ing taun 1592 ana sudagar ing Amsterdam kehe telu, prentah marang *Cornells de Houtman,* supaya golek katrangan klawan dhedhemitan. meniti lan nenitik ing Lissabon, prelune supaya bisa ngawruhi kepriye mungguh laku-lakune pelayaran menyang Indonesia mau, apadene nitipriksa kepriye mungguh reka-rekane sudagar Portegis anggone dedagangan bumbu-bumbu mau, kayata katrangan bab isine momotan kudu sangu pira lan sapanunggalane.

Cornelis de Houtman enggone nindakake prentah mau kalawan temen-temen lawase rong taun. Anggone netepi kewajiban klawan alus sarta samar banget nganti ora konangan babar pisan. Ing taun 1594, dheke bali menyang negara Walanda klawan kasil, yaiku wis cukup kawruhe bab pelayaran lan dedagangan ing Indonesia.

Sudagar-sudagar ing Amsterdam kang kasebut ing dhuwur mau banjur prentah, kejaba menyang Cornelis de Houtman, uga marang Petrus Plancius, yaiku sawijining ahli Ngelmu bumi kang misuwur nalika iku. Perlune dheke dikon melu lelayaran mau, supaya bisa nyinau sarta ndadar kapinterane juru mudhi lan wong kapal, bab panganggone piranti anyar lan bab cara-carane lelayaran miturut kawruh anyar. Perlune supaya saka kawruh lan kagunane ing tengah segara bakal nduwe rasa-rumangsa tatag lan tetep

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Dadi lelakone bangsa Walanda anggone golek dalan menyang tanah Indonesia kita iki ngandhut piwulang akeh banget.

Pepalang iku sanajan sepira gedhene pisan, tumrape bangsa kang nduweni angen-angen kang edi, mulya lan luhur, sarta kang nduweni kekarepan santosa, kekendelan, kewanen sarta kekuwatan, dayane malah bisa nggedhekake tekade bangsa mau.

Pepalang mau ora agawe girise, ora ngrendhetake kekarepane utawa ora kok banjur ngilangake ikhtiare sarta nduwe panemu yen kang mengkono mau wis takdire Hyang Manon, kang wasanane njur mupus, nrima ing pandum, iku ora babar pisan!

Kosok baline, pepalang mau prasasat dadi banyu gege tumrap jabang bayi kang bisa njalari wlagang. Kekarepane bangsa mau saya dhuwur, anggone nahan hawa nepsune dhewe tambah kuwat, ngetokake rekadaya lan ngundhakake akalan kanggo mbeciki cara-carane nata organisasi. Akhire klawan tumandang gawe kaya mangkono mau, maksud kang dadi cita-citane mau bisa kaleksanan lan kasil becik.

Tetuladan ing dhuwur mau patut kita bangsa Indonesia nirua, supaya kita ing tembe mburi nduwea putra lan putri kang tatag ing samubarang pakewuh sarta padha nduwenana tekad kang tetep lan antep temenan kanggo nggayuh maksude kang suci lan luhur.

Propagandist PBI ora bósen-bosen anggone nerang-nerangake tujuan lan watak-watak kang becik mau, ora liya pamrihe supaya kita saya kandel kadunungan sipat kang utama sarta padha ora gigrig dening ananing pepalang lan panggodha, nanging malah saya nggrengsenga olehe nindakake kwajibane ngabekti marang Jeng Ibu Pertiwine.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

XI

DAYANE KATRESNAN

Lelakone Mahadev Desai, sekertarise Mahatma Gandhi nalikane nampa paukuman

Pergerakane kaum Gandhi ing tanah India pancen misuwur ing saalam donya, merga saka anderpatine. Yen kaum mau wis bergerak maju, ora watak yen gelema mundur. Sing padha tumandang, rumangsane mung nglakoni kwajiban wae, ora rumangsa dikon sapa-sapa. Atine diepas temenan, lire ora mikir apa kang bakal tinemu ing awake. Kang dipeleng ora liya mung kaleksanane maksude kang ditekadi.

Tumrape ing India pergerakane Gandhi mau kagolong pergerakane kaum nasionalis kang golongan kiri dhewe, yaiku wani nyangga wasanane penggawene; tur wis nyata akeh korban lan lelabuhane apadene pagaweane kabeh nduweni maksud kang sud lan luhur yaiku ngandhut maksud mbedki kahanane tanah lan bangsane. Sipat kasatriyan mangkono iku kaesthi dening pergerakane kaum Gandhi, amrih ing tembe bisa nggayuh rahayuning Jagad, sarta kombule drajade apa dene kasampurnaning manungsa kabeh.

Sesipatan kang kaya mangkono iku wis mesthi wae njalari pergerakane kaum mau sinihan sarta ingajenan dening Rakyat India saumume kabeh.

Mungguha Kangjeng Nabi Isa a.s. isiha sugeng, pirsa trajange pergerakane Sang Mahatma mau, mesthi njur ngendika marang umat Kristen kang saiki sarta ngendika karo tuding-tuding, "Lho, iku lho piwulang Kristen kang sejati."

Apa sababe? Merga kaume Gandhi mau enggone nresnani marang mungsuhe ora kok lelamisan ana ing lambe kaya trajange kehkehe kaum Kristen ing saiki iki. Nanging kaume Gandhi mau anggone nresnani mungsuhe klawan penggawe pisan. Sang Mahatma marang para murid-muride aweh wejangan kang ditindakake kla-

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

wan penggawe sarta nduweni paugeran yen selagine nduweni angen-angen roda-peksa wis dosa lan dianggep penggawe kang jijik lan najis, nyuda marang kekuwatane kebatinan.

Kurang patrap lan anggep sing kepriye bangsa Inggris enggone mrentah bangsa India, enggone adigang-adigung sarta adiguna, ewadene bareng ketaman trajange pergerakane Sang Mahatma kang ora bisa oncat saka dayane katresnan, kang dadi uger saliring tindak lan tanduk. Atine bangsa Inggris kang misuwur keras mau yen ketamana, mesthi njur luluhe. Sakehing kang mrongkol ilang, cripta kang asor sarta ujar apadene panggawe kang salah sirna musna, kaya dene salju kang ajur dening ketaman soroting Hyang Bagaskara.

Ananging sanajan ta piwulange Sang Mahatma mau ora kurang-kurang becike, nanging sarehne manungsa iku ora padha atenatene, dadi ana sing kuwat temenan olehe nahan hawa nepsune lan uga ana kang ora kuwat. Kerep wae para kaume Gandhi sanajan ta wis pinter, nanging isih durung bisa nyakup temenan marang piwulange, merga isih durung bisa nahan marang angkara kanepsone. Luwih-luwih yen kapengkok ing panca baya, kerep wae wong-wong kang tipis imane mau njur ilang sesipatane manungsa.

Kang mengkono mau ora ngeramake yen ana muride Mahatma lali marang piwulange kang luhur lan suci.

Kahanan kang mengkene mau kedadean nalikane ana gerakan mbangkang prentah tanpa klawan nganggo kekuwatan, yaiku nalikane sekretarise Gandhi kang aran Mahadev Desai ditangkep merga melu gerakan mau.

Kedadean kang narik ati mau kacathet dening Miss Slade yaiku sawijining putri bangsa Inggris kang kelu marang piwulange Mahatma Gandhi kang luhur mau.

Cathetan mau nuduhake bedane penggawe kang seje dhasare, yaiku dhasar kulonan kang awatak siya, lan dhasar wetanan kang awatak katresnan. Wahanane penggawe mau ora padha, ibarat langit karo bumi, sarta akhire kang luhur kang unggul ora liya yaiku kang adhedhasar katresnan mau.

Dene ringkesane cathetan mau mengkene:

Sawise Mahadev Desai dipriksa, dheke katon pucet lan sa-

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

yah banget. Nuli digawa menyang pakunjaran numpak kreta pesakitan, sing njaga onder-opisir bangsa Inggris. Wis temtu Rakyat kang setuju marang gerakane kaum-kaum Gandhi banjur ngetut buri kreta mau. Dumadakan saka ing kalangane wong akeh mau ana watu kang disawatake nganti ngenani janggute onder-opisir Inggris mau. Watu mau bareng arep ceblok kena disaut. Klawan ngusapi getihe janggute kang tatù mau, onder-opisir mau celathu marang Mahadev Desai, "Cih, iku ya Rakyatmu sing kowejang ora kena nindakake kekerasan. Saiki nyata malah kedadeane kosok baline; kang ditindakake ora liya mung kekerasan wae. Yen mengkono pergerakanmu bakal sima dening penggawe-penggawe kekerasan kaya mengkono mau."

Bareng Mahadev Desai ngrungu ucape onder-opisir kaya mengkono mau enggal nglairake banget gelaning atine dene nganti ana kedadean kaya mangkono mau. Dheke njaluk supaya kretane diendhegake, perlu arep menehi nasehat marang Rakyat kang ngiring mau, yen penggawene mau nyalahi banget marang piwulange Gurune.

Onder-opisir ora gelem nuruti penjaluke Mahadev Desai mau, sarta anggone ngomel diterusaJke wae kang surasane ngece marang gerakane Mahatma Gandhi kangjarene adhedhasar katresnan mau.

Saking getune marang penggawe kang kaya mengkono mau Mahadev Desai banjur kandha mangkene, "Kowe toh weruh dhewe yen aku saiki dadi tangkepan, ora kena sesorah marang Rakyat. Mula ing atase kedadean mau, bisaku mung ngucapake gedhening panalangsa. Dene yen kowe durung nrima marang panggawene kaumku kang salah ngerti mau, enya iki lho awakku iki sawaten nganggo watu mau, supaya penggawe kang asor mau saiki ana lirune, dadi njur pulih dadi becik maneh.

Bareng tukang jaga ngrungu tembunge sekertarise Gandhi mau sanalika nepsune lilih sarta njur mangsuli mangkene, "Ora-ora! Aku ora bakal nyawat kowe." Nanging ora let suwe onder-opisir mau njur nguman-uman Rakyat maneh, merga jarene ing ngendi-endia Rakyat iku mung nuruti hawa nepsune dhewe wae, gampang nglewang ing penggawe kang dudu-dudu.

Mahadev Desai njur sumambung, "Iya, iya bener kowe, mula

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

banget cuwaku dene umume Rakyat isih durung bisa mekak hawa nepsune."

Sekarone mau njur omong-omongan bab liya. Sajrone omong-omongan, onder-opisir mau njur ngiling-ngilingi watu kang dicekel mau karo celathu mangkene, "Watu iki bakal tak simpen minangka kanggo pangeling-eling."

Mahadev Desai sumambung, "Aja, aja ko-simpen, yen kowe precaya menawa aku getun temenan, tamtu kowe bakal ngulungake watu marang aku. Aku kang bakal mbuwang watu mau."

Onder-opisir kepranan atine, watu diulungake klawan lega lila. Sawuse ditampani dening Mahadev Desai, njur dibuwang.

Ora let suwe kretane mau nguwati asrama, yaiku omah pamondhokan. Onder-opisir Inggris mau njur celathu, "Aku kepengin banget weruh kahanane ashrama iku."

Mahadev Desai ngrungu tembunge onder-opisir kaya mangkono mau atine bungah banget sarta njur mangsuli, "Yen kowe gelem teka ing pondhokan iku, aku jumurung banget. Merga ing kono kowe bakal nyipati dhewe, kepriye uripe wong India kang sabenere. Kejaba mengkono kowe bakal ditampa klawan bungah-ing ati dening wong-wong kang ana ing kono. Sarehne aku saiki isih kudu nglakoni ukuman, mula aku njaluk adresmu wae. mBesuk yen aku wis bisa metu saka mbuwen bisaa ketemu maneh."

Onder-opisir nyondhongi rembug mau banjur njupuk dluwang. Nanging bareng arep nulis, kelingan yen dheke lali ora nggawa potlot. Mahadev Desai njur nyilihi vulpen. Sawise onder-opisir mau rampung panulise adres, njur ngulungake vulpen marang Mahadev Desai.

Mahadev Desai nampani dluwang karo celathu, "O, Opisir, dluwang iki tak tampa, nanging vulpenku iki simpenana, teken, minangka kanggo tandha mata."

Wong loro bareng pepisahan njur pamitan kanthi nandhakake rasa katresnan enggone padha memitran.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

XII

PETHILAN SAKA LELAKONE SANG MAHATMA GANDHI

Sakabehe mungsuhe padha ngurmati
Kapan bisane kita nduweni pemimpin kang luhur sarta alus bebudene?

Wis kaping-kaping Mahatma Gandhi dilebokake ing pakunjaran merga dianggep mbebayani tumrape negarane. Ing wekasan Sang Mahatma mau dilebokake ing pakunjaran Yerovda.

Gandhi sing karem banget marang kabeneran, sarta welas asih marang sapepadhane manungsa kang kasangsaran, dianggep mbebayani tumrap katentremane negara dening pamarentah Inggris. Sang Mahatma kanthi lega lila mbelani Rakyat kang kasangsaran sarta katindhes ing sawenang-wenang.

Ing sajrone ana ing tutupan mau, lelarane Gandhi ing usus, yaiku lelara blindedarmontsteking kudu kapotong. Mula dheke mau njur digawa menyang kamar sakit, perlu dioperasi.

Kang perlu kaandharake marang para sedulur kabeh, kepriye mungguh ing tangkepe wong-wong kang ana ing kamar sakit mau marang Sang Mahatma.

Para jururawat wadon bangsa Inggris sing ngrumat dheke mau, anggone nyambut gawe ora weruh ing sayah, anggere Gandhi ana ing kamar sakit mau bisaa lejar atine. Sing nyambut gawe mau padha seneng banget, rumangsa padha nemu kanugrahan, dene bisa njaga lan ngupakara Gandhi mau.

Dokter inggris sing ngoprasi (sing motong), atine ketarik banget marang Gandhi mau. Dheke njur nampa tilgram saka saindhenging tanah India ora karuwan kehe. Sakabehe tilgram mau ora liya mung nglairake suka sukur dene pangrengkuhe marang Gandhi ma ora nguciwani.

Tanpa rikah-rikuh Dhokter mau njur kelair celathune, kapriye rekane dheke enggone arep mangsuli tilgram kang matumpuk-

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

tumpuk kehe mau.

Saka katresnane Gandhi kang luhur lan suci mau, nganti ora ana wong wiji-sijia sing rumangsa yen sesrawunge karo Gandhi mau kaya dene sesrawunge marang wong kang dianggep mbebayani tumrap negara kaya penganggepe pamarentah.

Sawijining dina, direkture buwi, Kolonel Murraij nyambangi Gandhi ing rumah sakit. Direktur mau takon mangkene, "Tuan Gandhi, apa sliramu rumangsa ora tak paelu? Mitra-mitramu padha nggagas marang kowe sarta mentas wae Tuwan Gani njaluk supaya aku merlokake kandha marang sliramu, yen dheke mau isih terus saben tangi jam papat esuk, perlu menuwun kanggo keslametanmu marang Hyang Kang Mahakwasa. Mitramu mau kabeh padha bungah atine bareng krungu pawarta yen sliramu wis arep waras."

Ana wong bangsa Inggris siji kang biyen tau dadi Militer sarta ing wektu iku wis pensiun, ing saben dina ora elet tansah niliki Gandhi klawan nggawa kembang-kembangan saombyok. Dheke mau jarene durung marem yen durung tabikan karo Gandhi. Gandhi njur crita yen dheke pancen sugih tepungan bangsa Inggris. Tilas militer mau kandha kanthi ular bungah, mratelakake yen saben dinane ping telu nenuwun marang Gusti Allah, muga-muga Sang Mahatma enggala ginanjar basuki rahaija. Kejaba dheke dhewe, jarene isih akeh maneh bangsane dhewe kang uga nenuwun kaya dheke mau, sarta maneh hiya ora kurang opisir Inggris kang padha takon marang kwarasane Sang Mahatma mau. Mengkono ujare tilas militer bangsa Inggris mau.

Ing nalika iku anake Gandhi kang aran *Devandas* nganti ora bisa tilik bapakne merga repot banget mangsuli layang lan til gram kang riña wengi tekane kaya udan tanpa kendhat takon bab kwarasane Gandhi.

Wong Hindhu lan wong Islam prasasat kaya dene jor-joran anggone nuduhake katresnane sarana kirim pangan an kang panggawene pancen spesial kanggo Gandhi.

Nyonyah Gokhale kirim layang marang Gandhi kang mratelakake yen dheke enggone ngantih saben dinane, bakal diluwihi sawatara jam suwene, sabab saiki Sang Mahatma ora bisa ngantih. Cekake nalika iku wong sa India, prasasat siji ora ana sing kari

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

padha nelakake gedhening setyane, anteping tresna sarta luhuring pakurmatane marang Sang Mahatma, diecakake klawan carane dhewe-dhewe.

Sabab saka apa Sang Mahatma mau kok nganti oleh pakurmatan kang semono gedhene? Tur pakurmatan mau ora tau diecakake marang wong liya, sanajan ta marang Ratu pisan.

Sababe ora liya, mung saka sakabehe panggawe kebangsan minangka sembah pangabektine marang Jeng Ibu Indiane mung dhedhasar *kebenaran* lan *keadilan* kang diantepi dening rasa *katresnan.* Kabeh penggawene mau sepi ing pamrih, kejaba mung amrih wujuding cipta kang edi suci, mulya lan luhur.

Dadi anggone ngabdi marang kabeneran lan keadilan metu saka sucining ati lan ikhlas klawan saikhlas-ikhlase. Wujude nasionalis kang sejaü iya kaya Gandhi iku mau. Gandhi mau enggone ngjrungkebi agamane ora kok mung kandheg ing lesan lan pratingkah. Nadyan sapanggawene pisan Sang Mahatma mau nyata kaparee karo ngarsane Kang Nguripi ing sakabehe urip kita.

* * *

Pamujiku marang para putra lan putrine Jeng Ibu Indonesia, muga-muga ing tanah kita kene ana nasionalis akeh lan kang nyata ngrungkebi panemune kaya dene Mahatma Gandhi mau. Mula ayo kita saiki padha mbakali sarta nyambut gawe kanggo mbuktekake ajine badan kita marang jagad, supaya tanah kita kene enggal ngetoni pirang-pirang wong kang nyata luhur sarta alus bebudene sarta gedhe tekade kaya kang didarbeni dening Ibu India mau.

Kita bakal bisa katekan sarta nduweni pemimpin kang sipate kaya mengkono mau, anggere kita putra lan putri Indonesia wiwit dinane iki sayuk rukun sarta mung nengenake marang nyambut gawe, yaiku nyambut gawe kang kanthi katresnan lan kasabaran.

TAMAT

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

